

Siyati.....**Non.....****Kreyòl****Klas 9èm A.F.....****Sezon livè**

Nan tout peyi sou latè, chak jou tan an pa menm jan. Konsa yon ane separe nan plizyè pati, pati sa yo rele sezon. Nan peyi pa nou Ayiti, gen de sezon : yon sezon sèch ak yon sezon kote gen anpil lapli. Nan prentan, pyebwa yo chaje ak fèy ak flè. Lete ki se epòk fwi epi gen anpil chalè. Lotòn kote pyebwa yo kòmanse jete anpil fèy epi livè kote gen anpil fredi.

Nan anpil peyi, sezon livè yo tris anpil. Fredi ap kokobe tout moun rive jous nan mwèl. Lè sa a, tout moun oblige toufe tout kò yo. Anvan yo soti, yo mete chapo lenn nan tèt yo pou rive jous nan zòrèy yo. Yo abiye ak gwo rad pou kenbe yo cho, gan nan men ak gwo bòt nan pye. Li fè frèt kou glas. Lè moun ap pale, bouch yo fè lafimen tankou moun k'ap fimen.

Tout pyebwa toutouni, san fèy. Yo kanpe tankou eskèlèt. Pa gen kote pou ti zwazo al kache, glas lanèj kouvri tè a ak tout do kay. Yon solèy frèt ap jwe lagokache ak yon kolonn niyaj tou gri. Tan an blanch kou bwouya, gen delè konn menm gen tanpèt, lè sa menm avyon pa ka vole, tout ayewopò fèmen, anyen pa ka fonksyone, tout moun se rete lakay.

Poutan, gade jan nan peyi pa nou, solèy la ap paweze nan yon syèl ble. Li klere do fèy yo kou miwa lèzanj. Menm lè li fè cho, toujou gen yon ti van fre k'ap chante nan pyebwa yo, pandan l'ap trese cheve pye kokoye ak pye palmis yo. Flè ak papiyon mete koulè toupatou. Se pozisyon peyi yo sou latè ki fè tanperati ak lanati pa menm jan toupatou. Se sa k fè, lè fredi ap kokobe moun nan kèk peyi, nou menm ansanm ak anpil lòt nou nan chalè.

Kesyon

- | | |
|---|-----------|
| 1. Soukisa yo pale nan tèks la ? | 1p |
| 2- Konbyen sezon ki genyen nan peyi Dayiti ? | 1p |
| b) Bay non sezon sa yo. | 2p |
| | |
| 3- Kijan tanperati a ye lè sezon livè nan peyi Dayiti ? | 2p |
| | |
| 4- Poukisa tanperati ak lanati pa menm jan toupatou sou latè ? | 2p |
| | |
| 5- Poukisa yo di pyebwa yo kanpe tankou eskèlèt ? | 2p |
| | |
| | |
| 6- Ki tip tèks la ye? | 1p |
| 7-Souliyen repons ki bon an : | 1p |
| Sans otè a plis itilize nan tèks la se sans : a) pwòp | b) figire |
| 8- Kisa ki rive lè gen tanpèt lè tan livè nan kèk peyi sou latè ? | 3p |
| | |
| | |

Paj 2

9- Men twa tèm : **Pridans , pataj , linyon.**

3p

Ekri nan plas pwen yo sa ki mache ak chak pwovèb sa yo.

- a) Si gen pou youn gen pou lòt.
b) Yon sèl dwèt pa manje kalalou.
d) Evite miyò pase mande padon.

10- Chache lòt mo ki vle di menm bagay ak mo souliyen yo:

4p

- a) Janèt deklare koze a avivwa.
an) Fòk nou derasin mechanste nan kè nou.
b) Bòs yo renmen mande avalwa.
d) Nou pa dwe twoke fèy egzamen nou ak lòt elèv.

11- Chèche ki tèm ki mache ak gwooup mo sa yo:

4p

- a) Amwari , baton ,revolvè , souflèt , boukliye , minòt
an) Zanno , kolye , bag , braslè , mont , chèn
b) Bèf , kochon , chen , sourit , chat , chwal
d) Zegwi , fil , de , sizo , santimèt , règ , ekè

12- Chache 3 mo ki fòme sou derivasyon, ekri yo.

3p

.....

13- Antoure predika nan fraz sa yo epi ekri nan plas pwen yo ki fòm predika yo ye.

4p

- a) Chen an kouche anba tab la. b) Tout elèv yo sou lakou a....
d) Timoun sa yo entèlijan anpil. e) Pòl chofè lekòl la....

14- Nan fraz sa yo, souliyen konpleman non yo.

2p

- a) Bòn nan boule wòb Malèn nan. b) Chen an manje vyann chat la.
d) Polisyè a pran lisans chofè kamyonèt la. e) Bòs mason an kase vit la.

15- Souliyen detèminan yo, antoure pwonon yo epi idantifye yo nan plas pwen yo.

6p

- a) Gwo kay sa a, se pou pwofesè mwen an.
b) Liv mwen yo vann plis pase sa ki sou etajè a.
d) Li achte douz mango dous men pa mwen yo si.

16- Fòme 1 fraz ak chak aspè sa yo.

3p

- a) iteratif:
an) inakonpli :
ch) enkowatif :

Paj 3

17- Sèvi ak asimilasyon pou transfòme fraz sa yo epi di si asimilasyon an entèn ou ekstèn. 6p

a) Jak vini mwen di ou yon pawòl.

.....
asimilasyon.....

b) Pyè ale nan famasi lòtbò lari a.

.....
asimilasyon.....

ch) Jak di ou achte kat la pou li.

.....
Asimilasyon

18- Jwenn entèferans ki gen nan fraz sa yo epi ekri fraz kòrèk la. 6p

a) Atakan ekip la make yon supèb gòl. (entèferans)

fraz kòrèk:

b) Li montre ineksperyans li nan dosye a. (entèferans)

fraz kòrèk:

ch) Poze direktè a kesyon, li reponn konsa. (entèferans)

fraz kòrèk:

19-idantifye figi estil ki nan fraz sa yo. 4p

a) Sitwayen, leve kanpe pou defann dwa ou.

b) Jako se sèl towo ki kòmande nan lakou sa a.

ch) Fèy pyebwa yo ap chante bonè lanati.

d) Tout peyi a te kriye lanmò papa nasyon an.

Bon travay !

Total 60pwen